## BAS MAQALA

# УЛЫЎМА ОРТА БИЛИМЛЕНДИРИЎ СИСТЕМАСЫНДА РУЎХЫЙ ТӘРБИЯНЫ ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ ҲӘМ ӘМЕЛГЕ АСЫРЫЎ МӘСЕЛЕЛЕРИ

**А.К.Пазылов -** *педагогика илимлериниң кандидаты, доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

Өзбекстан Республикасы Президентиниң "Руўхый - ағартыўшылық жумысларының нәтийжелилигин арттырыўдың қосымша илажлары ҳаққында" 2019-жыл 3-майдағы ПҚ-4307-санлы карарының орынланыўын тәмийинлеў, сондай-ақ, жасларды өзбетинше турмысқа дүньяға көзқарасы кең, актив пуқаралар етип тәрбиялаў мақсетинде 2019-жылдың 31-декабрь күни Өзбекстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң №1059 санлы арнаўлы карары менен "Үзликсиз руўхый тәрбия концепциясы қабылланды. Концепция 8 бап ҳәм 70 бәнттен ибарат.

Концепцияның "Улыўма орта билимлендириў системасында руўхый тәрбияны" әмелге асырыў деп аталған 6-бабы 16 бәнттен ибарат. Биз өз мақаламызда усы 6-бап ҳаққында өз пикирлеримизди билдиремиз.

Усынылып атырған концепцияда улыўма орта билимлендириў системасындағы руўхый тәрбия процеси өз ишине еки дәўирди, анығырағы, 7(6)-10 жаслы дәўирлердеги баслаўыш класста оқыў дәўирин ҳәм 11-17 жасар дәўириндеги - орта ҳәм жоқары классларда оқыў дәўирлерин өз ишине алады.

Жоқарыда көрсетилген жас дәўирлерине муўапық концепция мазмунында улыўма орта билимлендириў стандарты ҳәм оқыў бағдарламалары оқыўшылардың жас өзгешеликлерине сәйкес түрде таяныш руўхый әдеп-икрамлылық пазыйлетлерден - Ўатанға садықлық, исбилерменлик, ерклилик, сыясый иммунитет, меҳир-ақыбетлилик, жуўапкершилик, толерантлық, ҳуқықый мәденият, инновациялық пикирлеў, мийнетсүйиўшилик пазыйлетлери қәлиплестириледи деп көрсетиледи. Бизиң пикиримизше, ўатанға садықлық деген ибарадан кейин исбилерменликти емес, ал, меҳир-ақыбетлилик, мийнетсүйиўшилик, жуўапкер-шилик, ҳуқықый мәденият сыяқлы тәртипте, оннан соң исбилерменлик деп алынғанда макул болар еди.

Бизиң бул пикиримизге тийкар болғандай тәреплер де концепцияда орын алған. Анығырағы, концепцияда баслаўыш ҳәм жоқары классларда инабатқа алыныўы зәрүр болған сыпатлар өз сәўлелениўлерин табады. Мәселен, баслаўыш класс- ларда енди енгизилетуғын 'Тәрбия" пәни арқалы оқыўшыларда руўхый тәрбия индикаторлары ҳәм компетенцияларын қәлиплестириўге хызмет қылыўшы билим, уқыплылық ҳәм көнликпелерди билимлендириў процеси мазмунына кеңнен сиңдириў, оқыў бағдарламалары шеңбериндеги руўхый тәрбия индикаторларын әмелиятқа енгизиў ҳәм басқа да усыған уқсас сыпатлар өз көринисине ийе болады. Анығырақ етип айтқанда, баслаўыш класс оқыўшылары ушын 17, жоқары класс оқыўшыларында қәлиплестирилиўи лазым болған 15 түрли сыпатлар сәўлелендириледи. Бирақ, олардың ишинде "исбилерменликке байланыслы" ҳеш нәрсе айтылмайды.

Деген менен исбилерменлик сыпатларды концепция мазмунына қосыўда мақсетке муўапықтай түйиледи. Себеби, бала шаңарақта көбирек тәрбия алғанлығы ушын, ол сол шаңарақтың оты менен киреди, суўы менен шығады. Сабақтан бос ўақытларында ата-аналарына жәрдем береди. Егер де еслериңизде болса буннан үш-төрт жыл илгериректе Қарақалпақстан телевидениеси арқалы, қала күни базарда анаў-мынаў аўыл хожалық өнимлерин сатыўда анасына жәрдемши сыпатында келген оқыўшы қызды ҳәм оның анасын критикалады. Көрсетиў мазмуны бойынша оқыўшы үйде болыўы, сабақ таярлаўы керек еди. Мине, усындай тәрбия ислерине бир тәреплеме қатнас жасаўлардың алдын алыў мәселесинде концепцияда көрсетилген исбилерменлик сыпатлары оғада үлкен әҳмийетке ийе болады. Бул сыпатты қәлиплестириў ушын ата-ана енди телехабаршылардан қаймықпастан, өз балаларының сабақтан бос ўақытларында, үйдеги сабақ таярлаўларына зыян тийгизбестен, өзине жәрдемши сыпатында қала күнлери базарға алып шығыўына мүмкиншилик туўылады. Мине, усындай унамлы қубылыслар арқалы балада исберменлик сыпатлары кишкенелигинен баслап қәлиплесе баслайды.

Және де айрықша атап өтилетуғын бир нәрсе бар. Концепция мазмунында енди енгизилетуғын 'Тәрбия" пәни арқалы оқыўшыларда руўхый тәрбия индикаторлары ҳәм компетенцияларын қәлиплестириўге хызмет қылыўшы билим, уқыплылық ҳәм көнликпелерди билимлендириў процеси мазмунына кеңнен сиңдириў зәрүрлиги айтылады. Ал, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кеңеси тәрепинен тастыйықланған "Үзликсиз руўхый тәрбия концепциясын әмелге асырыў илажлары" деп аталған 2-қосымшасының 25-бәнтинде "Улыўма билим бериў мектеплерине...тәрбия пәнин енгизиў" мәселеси нәзерде тутылады. Бул исти әмелге асырыў механизминде 1-11-класслар ушын "Тәрбия" пәнинен сабақлықлар ҳәм оқыў-методикалық комплекслерди жаратыў бойынша дүзиўшилер, яғный, авторлар топарын усы жылдың 15-январына шекем қәлиплестириў,

март айында усы пәнди енгизиў менен байланыслы болған шөлкемлестириў, финанслық, илимий-методикалық жумыслар комплексин әмелге асырыў ҳәм июль айында “Тәрбия” пәни сабақлығына буйыртпалар бериў ислери режеге киритилгени менен сабақлықтың жазылыўы ҳәм питкерилиў мүддетлери корсетилмеген.

Және де, оқыў өзбек тилинде алып барылатуғын мектеплердеги сабақлыққа болған зәрүрлик июль айында берилетуғын болса, онда өзбек тилинде жазылған сабақлықты қарақалпақ тилине аўдарма жасаў ислери қайсы ўақытларда әмелге асырылады? Мине, бул көринислер “Тәрбия” пәни сабақлығы бойынша оқыўшыларға берилетуғын билим, уқыплылық ҳәм көнликпелерди қәлиплестириў ислерине өзиниң унамсыз тәсирлерин жасаўы мүмкин.

Концепцияның мазмунында улыўма орта билимлендириў мәкемелеринде шөлкемлести-рилетуғын дөгереклер жумысларын үзликсиз раўажландырып барыў, енди таярланатуғын **"Тәрбия"** пәни муғаллимлерин таярлаў ҳәм қайта таярлаў, олардың қәнигелигин арттырыўдың хуқықый тийкарларын жаратыў ҳәм әмелге асырыў, муғаллимлер, ата-аналар, мәҳәлле қәнигелери ушын руўхый тәрбия индикаторлары ҳәм тәрбиялаў усыллары менен байытылған **"Пазыйлетли әўлад"** ҳәм басқа да методикалық қолланбаларды ислеп шығыў, улыўма орта билимлендириў мектеплеринде өткендеги уллы ағартыўшыларымыздың мийрасларын үгит-нәсиятлаў ислерине қаратылған **"Он еки ай - он еки** аллама" китапханлық айлықларын шөлкемлестириў сыяқлы уллы ислер өз сәўлелениўлерин тапқан.

Деген менен оқыўшы жаслардың күнделикли баспасөз материалларына болған қызығыўшылықларын арттырыў мәселеси итибардан шетте қалыңқырап қойған. Ал, үзликсиз тәрбия мәселесинде күнделикли баспа сөз материалларының да әҳмийети оғада уллы. Себеби, жергиликли газета-журналларда тәлим ҳәм тәрбияға байланыслы мақалалар жәрияланып турады. Мине, усы басылымларға итибардың төменлиги нәтийжесинде тек ғана мектеп оқыўшылары емес, ал, жоқары оқыў орынларының көпшилик студентлери де, ҳәттеки айырым профессор-оқытыўшыларда газета-журналларды оқыўдан узақласқан. Буның айқын мысалы ретинде педагогикалық институтта өзим сабақ беретуғын факультет студентлеринен, олар қысқы дем алыстан келгеннен кейин 2019-жыл 26-декабрьдеги “Қарақалпақстан жаслары” газетасында “Педагогикалық қарым-қатнас мәдenияты” деген мақала шығыпты, оқыдыңыз ба?- деп сорағанымда, бирде-бир студент “оқыдық” деп айта алмады. Усы ўақыядан соң еки ҳәпте даўамында олардың оқыған-оқымағанлықларын сорап барыўға мәжбүр болдым. Нәтийже шықпады. Ақыр соңында семинар сабағымызға байланыслы тема болғанлықтан сабақ ўақтында тийисли жерлерин оқытыўға мәжбүр болдым. Қараң, келешекте мектеплерге барып концепцияны әмелге асырыўшы муғаллимлердиң өзлери студентлик ўақытларынан баслап газета-журналларға, ондағы жәрияланған материалларға қызықсынбаса, мектеплерде олардың оқыўшылары қызықсыныўы мүмкин бе?

Концепцияда халық, педагоглар, жәмийетшилик, балалар арасында үзликсиз руўхый тәрбия системасының нәтийжелилигин үйрениў, баҳалаў ҳәм беккемлеў мақсетинде бир жылда еки мәртебе социологиялық сораўлар өткериў, мектепке шекемги ҳәм улыўма орта билимлендириў системасында үзликсиз руўхый тәрбия нәтийжелилигин есапқа алыў ҳәм баҳалаўдың илимий-методикалық техноло-гиясын жаратыў ҳәм усы технология бойынша бир жылда еки рет нәтийжеликти анықлаў ҳәм **"руўхый тәрбия"** республикалық жәмийетшилик кеңесинде турақлы түрде додалап барыў, оқыў орынларында оқыўшыларды ана Ўатанға мухаббат ҳәм садықлық, мәмлекетлик белгилерге ҳүрмет рухында тәрбиялаўға қаратылған салтанатлы мәресимлердиң жаңа, тәсиршең формаларын ислеп шығыў ҳәм жәриялаў, ул ҳәм қыз балалардағы уқыплылықларды қәлиплестириўге қаратылған тренинглердиң бағдарламаларын ислеп шығыў ҳәм әмелге асырыў сыяқлы оғада әҳмийетли мәселелер орын алған.

Усының менен бирге концепцияда ҳәр жылы бир мәртебе "Миллий тәрбия ҳәм заман" атамасындағы педагогикалық симпозиумлар өткерип барыў, телерадиоканалларда тәрбия темаларына бағышланған ток-шоулар, көрсетиў ҳәм еситтириўлер, социаллық тармақларда "Тәрбия мектеби", "Сораң! Жуўап беремиз, үйретемиз" темасындағы педагогикалық челленжлерди де шөлкемлестириў ислери нәзерде тутылған.

Жуўмақлап айтқанда, жоқарыда көрсетилген әмелий жумысларды иске асырыў Үзликсиз руўхый тәрбия концепциясының әмелий жақтан орынланыўына унамлы тәсир жасайды. Ал, биз тәрепинен атап өтилген гейпара пикирлер болса жергиликли билимлендириў мәкемесиниң басшылары тәрепинен, “Үзликсиз руўхый тәрбия концепциясын әмелге асырыў илажларын” өзбетинше ислеп шыққан ўақытлары инабатқа алынса “Үзликсиз руўхый тәрбия концепциясы”ның әмелде ис жүзине асыўына сөзсиз өзиниң унамлы тәсирин тийгизеди.